



Haitian Creole Edition
Grade 4 Mathematics, Book 2
March 6–10, 2006

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Matematik
Liv 2

Ane **4**

6–10 Mas 2006

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2006 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou fè tout sa ou kapab:

- Asire ou li avèk atansyon tout direksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk zouti pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk blòk modèl ou yo.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk kontè ou yo.

31

Pandan Madam Lowe pral travay, li achte yon tas kafe pou \$1,25 ak yon jounal pou \$0,50. Li ba kesye a \$5,00. Konbyen lajan kesye a remèt Madam Lowe?


Montre travay ou.

Repons \$ _____

Kontinye

32

Amy vle klotire jaden li, jan yo montre sa anba a.



[pa trase selon echèl la]

Pati A

Konbyen pye kloti a dwe gen nan longè pou li ka antoure tout jaden Amy an?

Montre travay ou.

Repons _____ pye

Pati B

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou te jwenn kantite pye k ap gen nan longè kloti jaden Amy an.

33

Msye Putnam kondui pou li al travay senk jou pa semenn. Distans ant kay li ak biwo li se 17 kilomèt. Ki distans total Msye Putnam fè an kilomèt pou li al travay epi pou li tounen lakay li nan yon semenn?

Montre travay ou.

Repons _____ kilomèt


Kontinye

34

Kim te genyen yon biyè \$10,00. Li sèvi ak li pou peye pou twa atik alimantè yo montre anba a.



\$0,68



\$1,88



\$1,29

Konbyen lajan Kim rete?

Montre travay ou.

Repons \$ _____

35

Nan Marta's Clothing Store a, genyen yon total 45 mayo sou 5 etajè. Chak etajè genyen menm kantite mayo. Konbyen mayo ki sou chak etajè?

Montre travay ou.

Repons _____ mayo

Kontinye

36

Madam Collins fè gadri menm kantite èdtan chak jou pandan 4 jou. Li fè gadri pandan yon total 24 èdtan. Konbyen èdtan Madam Collins fè gadri chak jou?

Montre travay ou.

Repons _____ èdtan

Ranpli espas vid ki anba yo pou fè yon fraz nimerik k ap verifye repons ou.

Fraz Nimerik _____ × _____ = _____

37

Genyen 300 bwat ze nan yon boutik. Genyen 12 ze nan chak bwat. Ki kantite total ze ki gen nan boutik la?

Montre travay ou.

Repons _____ ze

Kontinye

38

Elèv nan lekòl Keith la ap ranmase bwat pou yo resikle. Tablo anba a montre kantite bwat chak klas te ranmase pandan mwa avril ak me.

KOLEKSYON BWAT

Ane	Bwat ki Kolekte nan mwa Avril	Bwat ki Kolekte nan mwa Me
2	200	300
3	300	300
4	400	500
5	400	400

Pati A

Ki kantite total bwat chak klas te ranmase?

2^{yèm} Ane _____ bwat

3^{yèm} Ane _____ bwat

4^{yèm} Ane _____ bwat


5^{yèm} Ane _____ bwat

Pati B

Sou kadriyaj ki anba a, trase yon graf ba ki montre kantite total bwat chak klas te ranmase.

Asire ou

- mete tit nan graf la
- mete etikèt sou aks yo
- trase graf tout done yo
- bay yon echèl pou graf la



Kontinye

39

Abby ak Henry te ranmase kokiyaj sou plaj la. Abby jwenn 125 kokiyaj, ki se 32 plis kokiy Henry te jwenn yo.

Sou liy ki anba a, ekri yon fraz nimerik ki ka itilize pou detèmine kantite kokiyaj Henry te jwenn.

Fraz nimerik _____

Konbyen kokiyaj Henry te jwenn?

Montre travay ou.

Repons _____ kokiyaj

RETE LA

Place Student Label Here



Ane 4
Matematik
Liv 2

Grade 4
Mathematics
Book 2